

**Kasangsaraning Urip sajroning Novel *Jemini* Anggitane Suparto Brata
(Tintingan Strukturalisme Genetik)**

Imelda Atika

Pendidikan Bahasa Daerah, FBS, UNESA

Abstrak

Sastra mujudake sawijining kaca pangilon utawa gegambaran ngenani kasunyatan ing sakiwa tengene. Salah sawijine yaiku novel *Jemini* anggitane Suparto Brata kang nyritakake bab kasangsaraning urip kang nate dialami wong Jawa nalika jaman Landa, mligine tumrap wong wadon. Kasangsaraning urip sajroning novel *Jemini* digambarake lumantar sawijining paraga utama wadon sing urip ana ing Tangsi karo kulawargane. Adhedhasar kahanan kasebut, novel *Jemini* iki bakal kadhudhah kanthi tintingan strukturalisme genetik kang nggayutake pamawase pangripta lan masyarakat minangka pamawase jagad sajrone novel *Jemini*.

Adhedhasar andharan mau, ana patang underaning panliten kang dionceki ing panliten iki, yaiku: (1) kepriye gegambaraning kasangsaraning urip jroning novel *Jemini* anggitane Suparto Brata; (2) kepriye pamawase pangripta ngenani kasangsaraning urip; (3) kepriye pamawase masyarakat ngenani kasangsaraning urip; lan (4) kepriye pamawase jagad sajroning novel *Jemini* anggitane Suparto Brata. Saka underaning panliten mau, panliten iki nduweni ancas: (1) ngandharake gegambaraning kasangsaraning urip jroning novel *Jemini* anggitane Suparto Brata; (2) ngandharake pamawase pangripta ngenani kasangsaraning urip; (3) ngandharake pamawase masyarakat ngenani kasangsaraning urip; lan (4) ngandharake pamawase jagad sajrone novel *Jemini* anggitane Suparto Brata.

Panliten iki kalebu panliten *deskriptif kualitatif*. Novel *Jemini* minangka sumber data panliten, mujudake novel anyar sing nganggo basa Surabayan. Dene data panliten awujud tembung, frasa, lan ukara-ukara ingkang gegayutan karo kasangsaraning urip sajrone novel kanggo ngonceki data kanthi cara intrinsik, dene kanthi cara ekstrinsik data dijupuk saka katrangan pangripta lan masyarakat sing uga nggambarake pamawase jagad novel *Jemini*. Tata cara pangumpulan data nggunakake metode pustaka lan wawancara. Analisis data kang digunakake sajroning panliten iki yaiku teknik analisis dheskriptif analitik, dene teori kang digunakake yaiku strukturalisme genetik.

Asiling panliten gegayutan karo struktur novel *Jemini* anggitane Suparto Brata ngenani kasangsaran-kasangsaran urip kang kagambar sajrone novel *Jemini*. Kasangsaran kasebut dialami dening paraga utama wadon, yaiku Jemini. Anggone nglakoni urip Jemini ngalami kasangsaran-kasangsaran urip ing antarane yaiku nikah peksan, didadekake gundhik, lan pasiksan. Pamawase pangripta ngenani kasangsaraning urip kaperang dadi telung bageyan, yaiku pamawase Suparto Brata ngenani bab nikah peksan. Panjenengane ngandharake yen nikah peksan mujudake adat ing masyarakat. Kapindho, pamawase Suparto Brata ngenani gundhik yaiku pawongan sing didadekake selir utawa *istri gelap* dening wong Landa. Gundhik kasebut lila dinikah ora sah supaya uripe luwih kepenak. Katelu, pamawase Suparto Brata ngenani bab pasiksan tumrap rewang. Pasiksan tumrap rewang mujudake samubarang sing lumrah. Juragan duwe kakuwasan marang rewange. Pamawase masyarakat ngenani kasangsaraning urip uga diandharake ing panliten iki. Kasangsaraning urip kasebut ing antarane yaiku bab nikah peksan lan pasiksan tumrap rewang. Ing masyarakat isih ditemokake nikah peksan. Kamangka ana saperangan pawongan kang ora sarujuk karo bab nikah peksan kasebut. Dene bab pasiksan tumrap rewang isih marak ditemokake ing masyarakat. Pawarta bab pasiksan tumrap rewang gawe ati trenyuh. Pemerintah kudu mbrastha pasiksan kasebut. Pamawase jagad sajrone novel *Jemini* yaiku ngandhut nilai-nilai kang luhur tumrap panguripane manungsa. Nilai-nilai luhur kang kinandhut sajrone novel *Jemini* yaiku manut, pasrah, ikhlas, lan sabar.

A. PURWAKA

Karya sastra mujudake seni kang diandharake dening pikiran lan rasa pangrasane manungsa kanthi kaendahaning basa, gagasan, lan pesen utawa amanat kang jero. Lumantar karya sastra uga bisa diarani piranti kanggo komunikasi antarane pangripta karo wong kang maca. Sastra mujudake sawijining kaca pangilon utawa gegambaran ngenani kasunyatan. Minangka reiptan *kreatif*, sastra kudu bisa nglairake *kreasi* kang endah lan ngupaya gawe nyalurake kabutuhane manungsa (Semi, 1988:8).

Hutomo (1997:39) ngandharake sastra mujudake pangudaling pikiran lan rasaning manungsa kanthi cara lisan utawa tulisan, kang diwujudake lumantar *media* basa. Lumantar sastra pangripta bisa medharake rasa pangrasane nganggo basa tartamtu sing gampang dimangerteni dening pamaos.

Gegayutan karo babagan kasebut, ing panliten bakal diandharake sastra tulis. Sastra tulis kaperang dadi loro yaiku sastra tradisional lan sastra modern. Sastra tradisional kaiket dening aturan-aturan tartamtu, tuladhane tembang macapat. Dene sastra modern yaiku sastra kang ora kaiket dening aturan-aturan tartamtu kang uga diarani sastra gagrak anyar. Sastra modern, kayata

crita cekak, crita sambung (novel/ novelet), geguritan, lan sapanunggalane (Hutomo, 1997:89).

Novel ing kasusastran Jawa kalebu genre kasusastran Jawa modern. Novel Jawa kang wiwitan yaiku *Serat Riyanto* anggitane R.M Sulardi kang diterbitake dening Balai Pustaka nalika taun 1920. Novel mujudake sawijining totalitas karya kang asipat *artistik*. Novel minangka karya kang totalitas nduweni bageyan-bageyan, unsur-unsur kang ginayut siji lan sijine kanggo mangun sawijine carita (Nurgiyantoro, 2003:22). Unsur-unsur pambangun kasebut kaperang dadi rong jinis, yaiku unsur intrinsik lan unsur ekstrinsik.

Panliten iki arep ngrembug novel kanthi irah-irahan *Jemini* anggitane Suparto Brata. Pangripta kang nduweni jeneng asli Raden Mas Suparto Brata iki miyos ing Surabaya, 27 Februari 1932 saka pasangan Raden Suratman lan Bandara Raden Ajeng Jembawati (Syahfida, 2012. <http://parapenulisindonesia.blogspot.com/2012/03/suparto-brata-riwayat-dan-karya.html>). Suparto Brata kalebu pangripta kang kondhang ing jagading kasusastran Jawa. Miturut Suwondo (2006:10) Suparto Brata *aktif* ngreripta karya-karyane nalika jaman sadurunge lan sawise *peralihan Orde Lama* tumuju *Orde Baru* (taun 1966).

Saka pamaos wiwitan, novel *Jemini* anggitane Suparto Brata iki ngandhut tema kasangsaraning urip kanthi logat basa Jawa Surabaya. Kanyatan iku bisa diwawas saka pamaos marang novel *Jemini*. Iku ora aneh amarga Suparto Brata dhewe wis suwe urip ing kutha Surabaya. Irah-irahan novel kang aran *Jemini* iki sejatine mujudake salah sijine jeneng paraga utama ing novel kang nandhang kasangsaran anggone nglakoni urip.

Cundhuk karo andharan ing ndhuwur, anane gegayutan kang raket antarane novel karo bebrayan kanyatan, mula novel *Jemini* cocog dionceki kanthi teori *strukturalisme genetik*. Miturut Endraswara (2006:57) strukturalisme genetik minangka panliten sastra kang nggayutake struktur sastra karo struktur masyarakat lumantar pamawase jagad. Panliten diwiwiti saka nintingi unsur intrinsik minangka data kang dhasar. Sabanjure, panliten kasebut disambungake karo struktur masyarakat lumantar pamawase jagad. Pamawase jagad kasebut bisa dijupuk saka pamawase pangripta lan masyarakat ngenani kasangsaraning urip.

B. TINTINGAN KAPUSTAKAN

1. Novel

Novel lan carita cekak mujudake jinis karya sastra kang diarani fiksi (Nurgiyantoro, 2003:9). Najid (2009:22) ngandharake novel yaiku carita gancaran (prosa) kang dawa lan nyritakake ngenani urip ing saben dinane. Panemune Najid kasebut salaras karo apa kang diandharake dening Suroto (1993:19) yen novel yaiku sawijining karangan awujud gancaran kang asipat carita kang nyritakake sawijining kedadeyan kang *luar biasa* saka panguripane manungsa (paraga jroning carita), *luar biasa* amarga saka kedadeyan kasebut bisa njalarake sawijining konflik, prekara, kang bisa ngowahi nasibe. Novel namung nyritakake siji segi panguripan paraga

kang bener-bener *istimewa*. Segi panguripan kasebut njalarake anane owah-owahan nasib.

2. Unsur-unsur Pambangun Novel

Sawijining novel mujudake totalitas, yaiku *kemenyeluruhan* kang asipat *artistik*. Novel nduweni bageyan-bageyan, unsur-unsur kang gegayutan karo siji lan sijine kanthi rumaket lan nggantungake (Nurgiyantoro, 2003:22). Unsur-unsur kasebut kaperang dadi rong jinis yaiku unsur intrinsik lan unsur ekstrinsik.

Unsur intrinsik (*intrinsic*) yaiku unsur-unsur kang mangun karya sastra iku dhewe. Natawidjaja (1982:102) ngandharake yen unsur intrinsik yaiku unsur-unsur rohaniah, kang kudu diangkat saka isine karya sastra kasebut ngenani tema lan teges kang sinurat ing jrone karya kasebut. Unsur-unsur kasebut kang njalarake karya sastra ana minangka karya sastra, unsur-unsur kang asipat *faktual* bakal ditemoni nalika pawongan maca karya sastra kasebut. Unsur intrinsik sawijining novel yaiku unsur-unsur kang kanthi langsung melu mangun carita. *Kepaduan* antarane maneka warna unsur-unsur kasebut kang ndadekake novel nduweni wujud. Unsur-unsur kasebut yaiku: (1) kedadeyan, (2) carita, (3) plot, (4) paraga lan pamaragan, (5) tema, (6) latar (*setting*), (7) sudut pandang, (8) basa utawa lelewaniing basa, lan liya-liyane.

Unsur ekstrinsik miturut Natawidjaja (1982:101) yaiku unsur-unsur *pengaruh luar* (*eksplanasi*) lan unsur *lahiriah* kang ana ing jrone karya sastra kasebut. Unsur-unsur kasebut ing antarane yaiku (1) tradhisi lan nilai-nilai, (2) struktur sosial, (3) kapitayan lan pandangan urip, (4) politik, (5) *lingkungan hidup*, (6) agama, lan sapanunggalane (Fananie, 2012:77).

3. Strukturalisme

Strukturalisme nduweni teges kang maneka warna miturut ahli sastra. Scholes sajrone Sukada (1993:25) mretelake yen strukturalisme minangka salah sawijining cara kanggo nggoleki kasunyatan lan samubarang kang nduweni gayutan. Miturut Nurgiyantoro (2003:36) strukturalisme yaiku tintingan kasusastran kang migunakake unsur-unsur kang gegayutan antara siji lan sijine. Teeuw (1984:135) ngandharake tujuwan analisis struktural yaiku kanggo nintingi karya sastra kanthi setiti, tliti, lan premati, saengga bisa mangerteni makna karya sastra kanthi utuh. Saben karya sastra mbutuhake sawijine metode analisis kang selaras klawan sipat lan struktur.

Teeuw (1984:154) njlentrehake analisis struktural mujudake salah sawijine langkah, sarana, utawa piranti kanggo proses menehi makna sajrone usaha ilmiah kanggo mikolehi proses kasebut kanthi sampurna. Langkah kasebut ora bisa digawe mutlak, ananging uga

ora bisa diilangake. Mula saka iku, analisis struktural karya sastra bisa dilakoni kanthi cara nemtokake, nintingi, lan njlentrehake fungsi kang ana gegayutane karo unsur intrinsik fiksi (Nurgiyantoro, 2003:37). Analisis struktur ora nganalisis ing pangripta, pamaos lan karya sastra minangka simbol ing proses komunikasi. Dadi kang paling wigati yaiku unsur-unsur struktur (kang paling onjo) ing sajrone karya sastra.

4. Strukturalisme Genetik

Endaswara (2006:56) ngandharake yen panliten strukturalisme genetik iku mawas karya sastra saka rong sudut pandhang yaiku intrinsik lan ekstrinsik. Salaras karo andharan ing ndhuwur, strukturalisme genetik disengkuyung dening saperangan konsep kang canggih kang ora diduweni teori sosial liyane (Ratna, 2011:123). Unsur intrinsik mujudake studi kang dadi data dhasar anggane nganalisis. Banjur, panliten kasebut digayutake karo realitas ing masyarakat. Karya kawawas minangka sawijining gegambarane jaman kang arupa aspek budaya, politik, ekonomi, lan sapanunggalane.

Goldmann (Faruk, 1999:12) mangan rerangkene kategori kang padha gayut-ginayut siji lan sijine kang diarani strukturalisme genetik. Kategori-kategori kasebut yaiku fakta kamanungsan, *subjek kolektif*, strukturasi, *pandangan dunia*, *pemahaman* lan *penjelasan*.

5. Lelandhesaning Teori

Sawijining wawasan saka para ahli lan panliten liya kang diandharake ing tintingan kapustakan, mesthine ora kabeh digunakake kanggo mecahake underaning panliten iki. Tintingan sawijining karya sastra bisa lumantar pirang-pirang cara, nanging kabeh iku ora ninggalake tintingan struktur pambangune karya sastra. Pendekatan struktural minangka kunci pambuka kanggo mbedhah karya sastra. Struktural salah sijine pendekatan kesastraan kang nengene tintingan kang gegayutan karo perangane unsur pambangune karya sastra, kayata kedadeyan-kedadeyan, paraga, latar, alur, sudut pandang lan sapanunggalane (Nurgiyantoro, 2003:37).

Tintingan struktural genetik tumrap novel *Jemini* anggitane Suparto Brata uga diwiwiti kanthi ngonceki struktur dhisik. Dene struktur kang ditengene ing panliten iki yaiku babagan temane carita kang ana gegayutane karo kasangsaraning urip. Panliten kang nengene babagan tema iki salaras karo apa kang diandharake Goldmann menawa konsep struktur karya sastra iku asipat tematik. Sawise ngandharake struktur carita kang nengene temaning crita. Banjur saka tema kasebut disambungake karo pamawasing pangripta, pamawasing masyarakat, lan pamawasing jagad ngenani kasangsaraning urip.

Lelandhesan teori struktural genetik munjerake apa kang diwedharake dening Goldmann. Goldmann (Faruk, 1999:16) ngandharake pamawase jagad minangka istilah kang trep kanggo sakabehane gagasan-gagasan, aspirasi-aspirasi, lan pangrasa-pangrasa kang gegayutan kanthi bebarengan antarane sawijine klompok sosial tartamtu kang nentang klompok sosial liyane. Sadurunge ngandharake pamawase jagad, panliten iki uga ngandharake pamawasing pangripta lan pamawasing masyarakat kang gegayutan karo kasangsaraning urip kang dialami dening rewang.

C. METODE

Panliten iki mujudake panliten deskriptif kualitatif. Sumber data sing digunakake yaiku novel *Jemini* anggitane Suparto Brata. Kajaba novel, sumber data liyane awujud asiling wawancara kang mujudake sumber data *sekunder*. Sumber penunjang ing panliten arupa panliten sadurunge lan buku-buku literatur kang digunakake kanggo lelandhesan analisis. Data sing digunakake yaiku tembung, frasa, lan ukara-ukara kang nggambarake kasangsaraning urip sajroning novel *Jemini*, banjur digayutake karo pamawase Suparto Brata lan masyarakat ngenani nasib rewang wanita kanggo nggoleki pamawase jagad sajroning novel *Jemini*. Sajrone ngumpulake data kasebut digunakake metode kapustakan lan wawancara. Sajrone ngandharake lan njlentrehake data digunakake metode deskriptif analisis kanthi tintingan strukturalisme genetik.

Langkah-langkah kanggo ngumpulake data ing panliten iki yaiku: 1) Maca novel *Jemini* anggitane Suparto Brata kanthi dibolan-baleni, supaya bisa mangerteni isi novel *Jemini*. 2) Nganakake wawancara karo *narasumber*, gegayutan karo pamawasing pangripta, pamawasing masyarakat, lan pamawasing jagad ngenani novel *Jemini*. 3) *Inventarisasi data*. Ngumpulake data kanthi cara nyathet data, kanthi milih saperangan kutipan saka novel *Jemini* anggitane Suparto Brata, kang arupa tembung, ukara, utawa paragraf kang gegayutan karo underane panliten. 4) *Klasifikasi data*. Ing tahap iki tujuwane milah-milah data, kanthi jupuk data kang dibutuhake, kanthi tahap iki dipilih data-data kang trep kalo underane panliten. Data kang dibutuhake arupa tembung, ukara, lan paragraf kang gegayutan ngenani kasangsaraning urip kang ana ing novel *Jemini*. Data kang kurang lan ora laras karo underane panliten ora digunakake.

Panliten iki mbutuhake instrumen kanggo nyengkuyung ngumpulake data. Instrumen panliten iki yaiku yaiku panliti iku dhewe, amarga panliti kang bakal nganakake lan nganalisis panliten iki. Saliyane iku, instrumen liyane kang diprelokake sajroning panliten iki yaiku cathetan pitakonan kanggo pathokan nalika nindakake wawancara.

Tata cara analisis data sing ditindakake sajrone panliten iki yaiku 1) Nganalisis tema sajroning karya sastra kang mujudake unsur kang dominan kang disengkuyung karo analisis unsur-unsur liyane. 2) Nganalisis pamawase pangripta ngenani kasangsaraning

urip. 3) Nganalisis pamawase masyarakat ngenani kasangsaraning urip. 4) Nganalisis pamawase jagad sajrone novel *Jemini* anggitane Suparto Brata.

D. ANDHARAN

1. Gegambaran Kasangsaraning Urip sajroning Novel *Jemini* Anggitane Suparto Brata

Salaras karo apa kang wis diandharake Goldmann ing bab sadurunge, yen konsep struktur iku nduweni sipat tematik. Mula analisis sing digunakake kanggo ngoncek novel *Jemini* iki nggunakake analisis tema. Analisis tema kasebut bakal dadi punjering analisis unsur-unsur liyane.

Karya sastra ora bisa mawujud tanpa anane tema. Tema dadi unsur kang penting kanggo mbangun karya sastra. Tema kang mujudake salah sawijining unsur *intrinsik*, nduweni daya pangaribawa marang karya sastra. Tema yaiku ide, gagasan, pandangan ngenani uripe pangripta kang digambarake ing sawijining karya sastra (Fananie, 2002:84). Karya sastra mujudake gegambaran ngenani panguripane manungsa, mula tema kang dijupuk uga maneka warna. Tema bisa awujud prakara moral, etika, agama, sosial budaya, teknologi, lan tradisi kang gayut karo prakara kang diadhepi manungsa.

Novel *Jemini* nyritakake panguripane wanita ing jaman Landa. Wanita nduweni drajat sing luwih asor tinimbang wong lanang. Dheweke dianggep ora mampu tumindak kaya wong lanang. Wanita dianggep minangka samubarang sing bisa dipilih, dirabi, lan ora diregani dening wong lanang.

Nalika jaman iku, saperangan wong ngupayakake supaya Landa bisa cepet oncat saka bangsa iki, nanging uga ana saperangan pawongan kang milih melu klompoke Landa dadi tentara. Tentara bentukane Landa iki diarani tentara KNIL. KNIL iku singkatan saka basa Belandha *het Koninklijke Nederlands(ch)-Indische Leger*, utawa nduweni teges: tentara kerajaan Hindhia-Belandha.

Kahanan sing dicritakake ing ndhuwur meh padha karo sing dialami dening Jemini. Wiwit cilik, Jemini lan kulawargane urip ana tangsi. Bapake kang dadi tentara KNIL kudu mlebu ing tangsi lan mboyong anak bojone. Tangsi yaiku panggonan wujud asrama para tentara. Saliyane Jemini lan kulawargane uga ana kulawarga Jawa liyane kang dadi tentara KNIL lan urip ing tangsi.

Kedadayan ing tangsi iki sing ndadekake muncule kasangsaran sing dialami dening paraga Jemini. Bab kapisan kang nggambarake kasangsaraning urip sajroning novel *Jemini* yaiku nikah peksan. Jemini dinikahake kanthi cara peksan dening priya sing ora ditresnani. Saka nikah peksan kasebut njalarake muncule tema-tema liyane yaiku didadekake gundhik lan pasiksan. Ing ngisor iki arep dijlentrehake luwih rowa ngenani tema kang awujud ing novel *Jemini*.

a. Nikah Peksan

Nikah peksan yaiku tata cara pernikahan kanthi cara peksa. Perkara nikah peksan kang kagambar ing novel *Jemini* iki dialami dening paraga Jemini. Jemini arep dinikahake karo priya sing durung dikenal. Wong

tuwane meksa supaya anake kasebut gelem dinikahake karo priya pilihane.

Kedadayan kasebut kawiwitan nalika Parni, salah sawijining kancane Jemini meruhi Jemini lagi dolanan karo kanca-kancane. Parni ngalokake Jemini yen wis ora pantes dolanan kopyok karo kanca-kancane amarga dheweke wis diwasa. Rong minggu maneh dheweke bakal dadi manten. Lelakon kasebut bisa disemak saka kutipan ing ngisor iki.

Ing sawijining dina, Jemini karo kanca-kancane main kopyok neng ngisor wit pelem mburi Tangsi. Parni teka nggendhong adhine karo didulang. Weruh Jemini melu kopyok, terus nyaru, "E, Jem! Koen iku gak idhep esin. Wis gedhe ngono kok esik melu kopyok. Rong minggu maneng koen lak dadi manten-a, kathik gak eling mbarek gerangmu! Jeeem-Jem!" (Brata, 2012:53).

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake analisis alur sajrone novel *Jemini*. Saka cuplikan kasebut nyritakake sawijine kedadayan. Yaiku nalika Jemini dolanan lan weruh yen arep dinikahake dening wong tuwane. Bab pernikahan kasebut dingerteni Jemini saka ujure Parni. Parni ngomong yen Jemini bakal dinikahake rong minggu maneh. Jemini kaget krungu ujure Parni kasebut. Dheweke ora ngira yen wong tuwane bakal nindakake bab kasebut. Kanca-kancane padha nyuraki dheweke. Jemini sing kisinin amarga disuraki kanca-kancane, menyat mlayu mulih sinambi sesenggukan nangis. Dheweke ngrasa yen wong tuwane wis ora blaka marang dheweke.

Sawijining dina, Wagiman antuk tugas patroli. Dheweke ditugasake bebarengan karo Urip. Urip ngerti yen Wagiman iku bapake Jemini. Kekarone padha cecaturan kanthi akrab. Anggone cecaturan jebule nganti ngrembug bab manten. Urip duwe niat arep ngejak wong tuwane menyang omahe Wagiman kanthi tujuwan nglamar Jemini. Wagiman wis ngrasa cocog karo priya kasebut. Dheweke banjur nyritakake gunemane karo Urip kasebut marang bojone. Kekarone seneng lan nampa panglamare Urip tanpa diweruhi dening Jemini. Jemini kepeksa nuruti kekeparepan wong tuwane.

Jemini lan Urip sidane dinikahake. Acarane digawe gedhen-gedhen. Suwene seminggu acara manten kasebut digelar. Acara manten luwih sumarak nalika ditanggapake wayang lan tayuban. Dene wong satangsi melu umyek rerewang ing acara gedhen iku. Lelorone lungguh sesandhingan. Dene para tamu padha nyalami manten kekalih. Kabeh wong bungah atine, nanging ora kanggo Jemini. Sabenere, dheweke ora gelem nikah karo Urip. Sawise manten nemoni tamu, kekarone mlebu kamar kanggo istirahat. Jemini isih durung gelem turu sapanggonan karo Urip. Kahanan kang kaya mengkono iku kacuplik kaya ing ngisor iki.

.....Sajrone didandani cara manten, dheweke ora gelem turu, mung lungguh wae. Sok-sok yen ngantuk banget dheweke ya ngglundhung ing klasa sing digelar ing ngarep peturon. Kuwi wae

ora yen wayah bengi. Sok-sok wayah esuk, sok-sok wayah awan, nalikane dhayoh-dhayoh akeh sing padha kepengin weruh mantene. Yen wis ngglundhung ngono, manten lanang mung bisa nyodhorake bantal. Jemini isih durung gelem omong-omong karo manten lanang! (Brata, 2012:58-59)

Sikape Jemini kasebut nuduhake yen sadurunge dheweke ora duwe rasa tresna marang Urip. Saka cuplikan ing ndhuwur uga bisa diwawas anane alur kang nuduhake sesambungan sebab-akibat. Alur yaiku crita kang isine ngenani urutan kedadeyan, saben kedadeyan digayutake kanthi *sebab-akibat* antarane kedadeyan siji lan kedadeyan liyane (Stanton sajroning Nurgiyantoro, 2003:113). Alur kang nuduhake sesambungan sebab-akibat nduweni teges yen kedadeyan-kedadeyan kang wis dumadi disebabake anane kedadeyan-kedadeyan kang dumadi sadurunge. Ing cuplikan kasebut diandharake manawa pernikahan peksan antarane Jemini lan Urip ora linandhesan tresna. Mula, nyebabake Jemini wegah cedhak-cedhak lan caturan karo Urip. Wiwit acara mantenane, dheweke durung gelem sapa aruh karo bojone. Wayah turu, dheweke mung lungguh ing klasa. Jemini nggunakake cara kasebut supaya Urip ora nyedhaki. Sabubare acara manten, Jemini diboyong menyang tangsine Urip ing Sambongan. Dheweke durung gelem cedhak-cedhak karo Urip. Pirang-pirang cara digunakake Jemini supaya Urip ora bisa nyedhaki dheweke.

Urip wis sayah banget. Dheweke keturon sawetara, banjur tangi glagapan nalika slompret muni pitandha wayah appel isuk. Nalika iku dheweke langsung kelingan marang Jemini. Kaget banget! Nalika Jemini ora ditemokake ing peturone. Panganggite Urip, Jemini wis tangi lan lagi bebuwang. Sawetara wektu diantun Jemini ora enggal bali. Pranyata Jemini mlayu metu saka kamare isuk-isuk sadurunge ana wong tangsi sing tangi.

Jemini tangi sadurunge akeh wong tangi. Apel esuk lagi wae dislompreti. Sikile jinjit, ngempet ambegan. Lawang dibukak, ora nyuwara, dienep maneh, dheweke wis neng njaba kamar. Parane ngiwa. Omahe wuwungan dawa. Jemini tekan ing pucuk seksi, ora ana sing ngonangi. Saiki jangkane ora perlu jinjit. Ora perlu alon-alon. Mlayu ya kena. Suketan sing ditambah ngembun, dlamakan sikile dadi resik, teles. Sing diparani pager eri sing paling cedhak karo seksi tunggone. Pagere kawat eri, rapet. Digoleki sing rada kendho..... (Brata, 2012:72).

Jemini ngrasa ana kesempatan nalika Urip keturon. Dheweke wis niat arep metu saka tangsi sisihane iku. Isuk umun-umun dheweke ngupaya mbuka lawang kamare. Iku ditindakake supaya Urip ora tangi. Pranyata cara kasebut manjur. Dheweke kasil metu saka kamar kasebut. Tekan jaba kamar, wanita kasebut golek dalam metu menyang tangsine emake. Jemini ora ngerti dalan menyang tangsine biyen, nanging dheweke ngenut

ril sepur nganti tekan Pasar Turi. Tekan panggonan iku, dheweke wis ngerti dalan menyang tangsine.

Udakara telung sasi Urip sabar ngenteni Jemini bali, nanging sing dienteni ora enggal bali. Kapeksa Urip mulihake sandhangane sisihane iku menyang maratuwane. Dheweke pasrah ngeculake Jemini. Pranyatan kasebut kacuplik kaya iki.

Urip saya adoh karo donyane Jemini. Wasana dheweke kudu pindhah kamar sing luwih cilik maneh, peturone ora sungsun, lan dianggep bujangan. Sandhangane Jemini sing dhisike diopeni, kepeksa diterake menyang wongtuwane. (Brata, 2012:74).

Jemini lan Urip kelakon anggone pepisahan. Sawise bubar, Urip dipindahake saka kamar tangsine. Dheweke bali menyang kamar kanggo serdhadhu sing durung rabi. Dene Jemini melu wong tuwane maneh. Dheweke wis diarani randha, nanging tingkah polahe Jemini isih kaya bocahe. Sipate durung owah kamangka dheweke wis diwasa. Isuk umun-umun Jemini wis metu golek codhotan jambu ing kampung landa. Umure sing saya tuwa, bisa ngowahi sithik mbaka sithik sipate Jemini sing nakal. Saiki dheweke wis gelem dikongkon blanja. Klamine adhi-adhine diumbahi, kala-kala uga ndulang adhine sing cilik.

b. Didadekake Gundhik

Gundhik (Sudarmanto, 2009:88) yaiku bojo sing ora sah utawa selir. Gundhik uga duwe teges minangka wanita piaraan (*istri* gelap). Praktek gundhik nduweni sesambungan sing rumaket antarane priya lan wanita. Lelorone iku nduweni sesambungan ora sah lan ora kaiket dening pernikahan. Kahanan kasebut lumrah ditindakake dening tuwan tanah (Landa) marang wanita pribumi utawa budhak-budhake nalika jaman kolonial Landa. Praktek kasebut ana amarga cacahing wanita sing drajate padha karo tuwan tanah kasebut kurang banget. Mula akeh tuwan tanah sing golek wanita pribumi. Wanita kasebut beda drajat karo tuwane mula ora dinikah kanthi cara resmi (Hardjanto. 2013).

Gegambaran ngenani uripe gundhik sing dijilentrehake ing ndhuwur iku bisa ditemokake sajrone novel *Jemini*. Saben wong tangsi mesti ngerti babagan gundhik. Saperangane wanita tangsi kasebut kerep didadekake gundhik dening prajurit Landa utawa Jawa ing kampung Landa.

Wong ing Kampung Landa ora ana sing duwe bojo. Amarga ora duwe bojo, wong-wong iku kerep ngongkon ibu-ibu utawa wanita tangsi kanggo ngewangi reresik omah lan masak. Miturut adate, para tuwan kasebut milih wanita sing durung rabi (dhara) kanggo dadi rewange. Wanita kang wis diwasa lan durung duwe sisihan kerep didadekake gundhik dening wong-wong ing kampung Landa. Pranyatan kasebut kaya cuplikan ing ngisor iki.

Nanging kerep wae pembantu-pembantu wadon iki cukup diwasa, durung ana sing ndhedheki, terus didadekake munci dening wong-wong

Kampung Landa. Dimunci tegese didadekake babu, yen perlu nginep kono barang, dienggo kanca turu (Brata, 2012:24).

Wanita sing kerep dijalku tulung dadi rewang yaiku wanita sing wis cukup diwasa. Wanita sing durung duwe sisihan kerep didadekake gundhik karo wong-wong ing kampung Landa. Yen wis didadekake munci, wong wadon kasebut kudu gelem ngladheni tuwane lan nginep ngancani turu. Nasibe Jemini uga padha kaya wanita tangsi liyane kang dadi rewang ing kampung Landa. Satemene, Jemini emoh didadekake gundhik dening wong ing kampung Landa. Dheweke ora kepenak marang tangga-tanggane ing tangsi kang kerep rerasan bab Jemini manten sapa wis bubar karo Urip.

Jemini dadi gundhik iku kawiwitan saka pangajake Kadinah. Kadinah yaiku wanita tangsi sing digundhik dening Den Sutras. Kadinah nate ngajak Jemini nalika nyiyapake masakan kanggo Den Sutras. Saliyane bab leladhen, dheweke uga dipercaya kanggo ngladeni Den Radian. Kahanan mengkono iku bisa dideleng saka cuplikan ing ngisor iki.

Lumantar Kadinah, Jemini kerep melu ngeterake matengan menyang omahe Radian. Radian mono kaya Sutras, oleh omah dhewe neng njaban tangsi, marga pangkate wis pembantu letnan (Brata, 2012:75).

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake analisis alur ing novel *Jemini*. Cuplikan kasebut njlentrehake bab larah-larahe Jemini nyemplung ing donyaning gundhik. Kabiyasane Jemini kang kerep melu ngeterake dhaharan menyang panggonane Den Radian iku, ndadekake ati lanange kepecut marang Jemini. Jemini kang wis diwasa pancen katon sumorot. Pawakane bisa gawe gregeting jiwa lanang nalika nyawang dheweke. Semono uga Radian sing kecanthol atine marang Jemini.

Radian kang wis kecanthol atine marang Jemini iku nyeyuwun supaya Jemini bisa dadi gundhike. Dheweke ngaturake niyate kasebut marang Wagiman, bapake Jemini. Yen Jemini gelem didadekake gundhike Radian, dheweke bakal digawa menyang Betawi.

c. Pasiksan

Bab pasiksan kang tumungkul sajroning novel *Jemini* iki kawiwitan nalika Jemini dadi rewange Radian lan diboyong menyang Betawi. Tumindake Radian ing Betawi beda banget yen dibandhingake karo nalika isih ana ing Surabaya. Ing Surabaya, Radian kalebu pawongan sing sithik cecaturan, kamangka cecaturan karo Jemini uga jarang. Pranyatan iku kacuplik kaya ing ngisor iki.

Yen mlaku nguncluk ora nyawang ngiwa-nengen. Arang nyapa kanca utawa tangga. Uripe kaya jam, thet jam papat, turu awan, thet jam lima tangi, nyemir sepatu lan ngresiki sandhangane dhewe, thet jam enem adus, lungguh utawa makani kucing, thet jam wolu mangan bengi, thet.....ngono sateruse. Arang guyon-guyon utawa omong-omongan karo

kancane saomah. Dene jemini isih rumangsa liya, ora akeh omonge (Brata, 2012:87).

Wewatakaning paraga Radian kagambar saka cuplikan ing ndhuwur. Radian kalebu pawongan sing kurang grapyak karo tangga teparo. Dheweke luwih seneng golek hiburan dhewe tinimbang kudu srawung karo tanggane. Sipat sing kaya mengkono iku ora padha karo sipating wong Jawa sing grapyak. Kamangka Radian iku wong Jawa, nanging wis kapengaruh adate Landa. Radian uga kalebu pawongan sing disiplin. Kagiyatane saben dinane wis diatur saben jame. Sasuwene melu Radian, Jemini durung bisa kenal Radian amarga tuwane iku sing jarang guneman.

Jemini kerep ngalami pasiksan dening Radian. Kahanan kasebut kelakon nalika Radian kenal karo ciu. Ciu bisa gawe mendem iku sing gawe Radian kerep nindakake pasiksan tumrap Jemini. Pasiksan kang ditujokake marang Jemini iki ora awujud pasiksan lair wae. Saliyane ngalami pasiksan lair, Jemini uga kerep dihina. Pasiksan kang kaya mengkono iku bisa diarani pasiksan batin. Jemini uga narima tumindak sing kurang kepenak liyane yaiku tumindak nglecehake.

1) Pasiksan Lair

Pasiksan lair yaiku tumindak nglarani pawongan tartamtu awujud tumindak lair, kayata nggepuk, napuk, njambak, njiwit, lan liya-liyane. Tumindak pasiksan iki kerep ditindakake dening pawongan sing pangkate luwih dhuwur marang pawongan sing pangkate luwih asor, kayata juragan utawa tuwan sing nyiksa rewange.

Radian kerep nyiksa Jemini sawise kenal karo ciu. Radian saiki seneng lelungan bengi. Yen wis kaya mengkono iku, Radian mesthi mulih mendem. Radian uga nate ora langsung mulih menyang omah nalika mendem. Radian mulih wayah bengi karo sempoyongan lan misuh-misuh.

"Athooo, Deeen!! Pedhes niki, rambut.....!"

.....Jemini wis ora sambat maneh.

Rambute dijambak wong sempoyongan, dienggo teken. Wonge menyanyi karo misuh-misuh, karo ngece-ece (Brata, 2012:90).

Saka cuplikan iku, bisa dideleng tumindak kejeme Radian sing nyiksa Jemini. Radian pancen ora iling karo tumindake amarga kapengaruh dening inuman ciu. Dheweke sing lagi mendem narik rambute Jemini kuwat-kuwat utawa njambak. Rambute Jemini ditarik lan dienggo teken gawe mlakune Radian sing sempoyongan. Tumindak kasar kaya mengkono iku kalebu pasiksan lair.

2) Pasiksan Batin

Pasiksan batin ateges pasiksan ora nganggo tumindak lair (*non fisik*). Pasiksan cara iki awujud ngilokake, ngina, lan ngomong kasar marang wong liya kanthi cara terus-terusan. Pasiksan batin iki nglarani pawongan saka pocapan. Biyasane nggunakake tembung-tembung sing kasar. Pasiksan mengkono iku uga ditemokake sajrone novel *Jemini*.

Jemini kerep nampa pasiksan dening Radian. Kajaba pasiksan lair, Jemini uga ngalami pasiksan batin. Dheweke kerep dihina lan dilokake nganggo tembung-tembung kang kasar. Tembung-tembung kasar kasebut ora pantes dirungokake wong liya. Tembung-tembung kasar kang diomongake Radian kaya kang bakal dicuplik ing ngisor iki.

“Raimu ora ayu! Tangga omah mung micek wae! Hihhh, kowe!!” (Brata, 2012:90).

Radian ngilokake Jemini nganggo tembung raimu iku dirasa kurang pantes. Tembung raimu iku mujudake tembung sing tegese kasar banget. Apa maneh yen ditujokake marang wong. Pocape Radian sing kasar iku amarga dheweke ora dibukakake lawang dening Jemini. Benere, ora nganggo tembung sing kasar kasebut, Radian bisa takon nganggo tembung-tembung sing sopan.

Radian uga ngilokake Jemini kang dicubriwani nglakoni tumindak sedheng karo wong liya. Nalika iku, Radian nemokake cangkir bekas kopi ing pengaron sisih ngisor. Pangirane Radian, Jemini mesthi wis wani nglebokake wong lanang ing omahe. Radian wis butareman marang Jemini. Dene sabener sing teka menyang omahe Radian yaiku Siti. Siti iku isih sedulur karo Jemini. Tetembungan kasebut kaya kang kacuplik ing ngisor iki.

..... Pantes, ditinggal wong lanang nyang kantor nglebokake wong lanang liya! Layak wani kurangajar! Dibayar pira anggonmu nglonthe iki mau?” (Brata, 2012:96).

Radian kang ngilokake Jemini nganggo tembung lonthe iku ora patut banget diucapake. Amarga tembung kasebut bisa ngasorake drajate wanita. Ing ngendi wae, wanita yen diundang lonthe mesthi nepsu lan ora trima. Wanita kasebut bakal tersinggung. Saka tembung Radian kasebut nuduhake yen Radian nepsu banget marang Jemini.

3) Tumindak Nglecehake

Tumindak nglecehake yaiku tumindak kang ngasorake drajate pawongan tartamtu. Tumindak iki kerep dialami karo wanita. Kahanan kasebut bisa kelakon amarga wanita kerep dianggep luwih lemah tinimbang wong lanang. Kamangka wanita Jawa biyen pancen diasorake karo wong lanang. Wanita ora wani nulak apa kekarepane wong lanang.

Novel *Jemini* anggitane Suparto Brata iki ditemokake wujud tumindak nglecehake. Tumindak kasebut kagambar saka paraga Radian sing nglecehake Jemini. Kaya kang diandharake sadurunge, Jemini kerep nrima pasiksan saka Radian. Kajaba pansiksan-pasiksan kasebut Jemini uga ngalami tumindak nglecehake.

Nalika Jemini arep ngudarake stiwe lan sepatu, kuthubaru kebayake dicekthem Tuwane. Wek! Suwek. Jemini gage nutupi dhadhane,

ndhelikake susune aja nganti kamanungsan wong liya (Brata, 2012:99).

Salaras karo cuplikan ing ndhuwur nggambarake tumindak nglecehake sing ditindakake dening Radian marang Jemini. Radian sing lagi teka omah, dipapak dening Jemini. Banjur wanita kasebit ngudari stiwe lan sepatune tuwane. Nanging Radian nyekthem kuthubaru kebayake Jemini nganti suwek. Kuthubaru sing kanggo nutupi payudarane iku kasil disuwek Radian. Tumindak kasebut kalebu tumindak nglecehake wanita.

Jemini ora kuwat nglakoni urip rekasa kaya mengkono. Dheweke duwe niat arep mlayu saka Radian. Niyate kasebut dilaksanakake nalika Radian turu. Tangane diblusukake ing ngisor bantale Radian kanggo njupuk kunci kamar. Dheweke uga arep njupuk dhuwit kanggo sangu mlayu. Jemini kudu waspada lan ngati-ati banget supaya Radian ora nganti tangi. Kahanan kasebut kacuplik kaya ing ngisor iki.

..... Terus njupuk kanthong maneh. Dibukak, dijupuk dhuwit ringgitane loro. Isine dhuwit kricik akeh. Antep. Ringgitan loro sing dienthit ditaleni neng pucuk stagene. Isine dhuwit turahe dibundheli ing kanthong, ora diowah-owah maneh. Terus dibalekake neng ngisor bantal (Brata, 2012:103).

Cara mengkono iku digawe Jemini supaya bisa mlayu saka Radian. Kamar pancen niat dikunci dening Radian. Dene kuncine diseleh ing ngisor bantale. Jemini bingung kepriye carane supaya bisa njupuk kunci kasebut tanpa nyebabake Radian tangi. Dheweke mikir golek cara sing pas kanggo metu saka panggonan kasebut. Pungkasan, Jemini nemu cara kanggo metu kamar iku.

2. Pamawasing Pangripta ngenani Kasangsaraning Urip

Suparto Brata duwe pamawas dhewe ngenani kasangsaraning urip kang kagambar sajroning novel *Jemini*. Kasangsaraning urip sing dirembug ing kene kaperang dadi telung prakara, yaiku pamawase Suparto Brata ngenani nikah peksan, pamawase Suparto Brata ngenani gundhik, lan pamawase Suparto Brata ngenani pasiksan tumrap rewang. Bab kasebut bisa diwawas saka andharane Suparto Brata nalika wawancara ing daleme, tanggal 7 Mei 2013.

a. Pamawase Suparto Brata ngenani Nikah Peksan

Bab nikah peksan ing masyarakat Jawa mujudake salah satunggaling adat. Jaman biyen pernikahan cara peksan iku lumrah anane. Akeh wong tuwa sing nikahake anak wadone karo priya pilihane uga sawalike. Sesambungan kaya mengkono iku mujudake sesambungan sing ora linandhesan tresna.

Nikah cara kasebut biyasane ora linandhesan tresna ing antarane wong sing dijodhokake. Kahanan kaya ngono iku pancen wis lumrah lan akeh ditemoni nalika jaman biyen. Bab nikah peksan mujudake adat sing diduweni wong Jawa. Wong Jawa biyen isih

ngugemi banget marang adat kasebut. Saben wong tuwa mesthi nggolekake jodho sing apik kanggo anake. Pamikiran kaya mengkono iku supaya anak sing dinikahake iku uripe bisa kepenak.

Kekarepane wong tuwa njodhokake anake supaya anake bisa antuk pasangan sing apik lan ora salah pilih. Ora ana wong tuwa sing kepengin anake uripe susah. Minangka anak sing ngabekti marang wong tuwa kudu gelem nurut karo prentahing wong tuwane. Jaman biyen, bocah wadon ora wani nulak dijodhokake dening wong tuwane. Kamangka uga ana saperangan bocah sing ora nurut karo pilihane wong tuwane.

Suparto Brata ngandharake yen tumindak nikah peksan kasebut ora kabeh bisa nglakoni kanthi lancar dening anak. Ana anak sing seneng lan ora yen dijodhokake dening wong tuwane. Kamangka, jaman saiki anak wis duwe hak dhewe kanggo milih apa sing arep ditindakake. Nanging, iku kabeh ora uwal saka pambimbingane wong tuwa.

b. Pamawase Suparto Brata ngenani Gundhik

Saliyane ngrembug babagan nikah peksan, novel iki uga ngrembug babagan gundhik. Miturut Suparto Brata, gundhik yaiku wong wadon sing melu Landa utawa wong Jawa sing pangkate luwih dhuwur. Tegese, wanita kasebut didadekake rewang uga didadekake kanca turu dening juragane. Wanita Jawa milih dadi gundhik amarga kepengin uripe kepenak. Dheweke milih didadekake gundhik tinimbang dinikah karo wong Jawa sing ekonomine biyasa-biyasa wae.

Nanging ora kabeh gundhik utawa rewang uripe kepenak. Saperangan gundhik kerep ngalami pasiksan sing ditindakake dening tuwane. Suparto Brata njentrehake menawa ora kabeh gundhik uripe sangsara kaya paraga Jemini. Gundhik sing juragane apik lan duwe rasa asih bisa ngeterake dheweke menyang urip kang mulya. Uripe bakal adoh saka kasangsaran lan pasiksan. Nanging ora kabeh gundhik ngrasakake kamulyan kaya sing diandharake ing ndhuwur. Gundhik sing nasibe kurang apik amarga juragane sing kejem, ngrasakake sangsaraning urip. Dheweke uga kerep disiksa dening juragane. Gundhik diibaratake barang sing wis dituku dening juragane.

c. Pamawase Suparto Brata ngenani Pasiksan tumrap Rewang

Miturut Suparto Brata, bab pasiksan tumrap rewang utawa pembantu mujudake perkara kang lumrah ditemokake. Kahanan mengkono iku ora mung ditemokake ing Indonesia wae. Ing negara liya kayata Amerika uga ditemokake bab panyiksan kasebut. Pasiksan kasebut bisa ditindakake tuwan marang rewange amarga ora ana larangan sing ngatur ngenani bab panyiksan kasebut.

Tumindak pasiksan kerep ditemoni amarga durung ana aturan sing nglarang anane praktek kasebut tumrap rewang. Wanita kasebut wedi marang juragane yen arep mlayu. Nanging, jaman saiki wis ana aturan sing ngurusi bab pasiksan tumrap wanita mligine kanggo para rewang. Undang-Undang perlindungan tumrap rewang

kasebut kaajab bisa ngurangi lan mbrastha tumindak pasiksan. Miturut Suparto Brata, minggat yaiku cara kang dipilih supaya bisa pasiksan tumrap rewang. Minggat saka juragan kasebut uga ana resiko. Rewang sing mlayu utawa minggat saka juragane, uripe bisa luwih rekasa yen nganti kecekel.

3. Pamawasing Masyarakat ngenani Kasangsaraning Urip

a. Pamawase Masyarakat ngenani Nikah Peksan

Anak sing dinikahake wong tuwane kanthi cara peksan isih kerep ditemoni ing masyarakat. Nikah peksan wis ana wiwit jaman biyen. Bab kasebut mujudake salah sawijining adat ing masyarakat.

Bab nikah peksan utawa jejodhoan bisa ditemokake ing masyarakat. Saperangan wong tuwa njodhokake anak wadone sing isih cilik. Anak sing samesthine antuk pendhidhikan ing sekolahan, nanging kudu mupus pepenginanane kasebut amarga dijodhokake karo wong tuwane. Yen kaya mengkono iku, anak sing dadi kurban. Anak samesthine sinau ing sekolahan kaya bocah-bocah sapantarane. Anak kepeksa nurut karo apa kekarepane wong tuwane amarga ora pengen diarani bocah duraka. Kahanan mengkono iku padha karo njupuk lan nglanggar hak-hake anak kanggo antuk pendhidhikan, kabebasan kanggo dolanan lan hak-hak liyane.

Wong tuwa nindakake bab kasebut tumrap anak wadone amarga ngrasa nduweni anake kasebut. Anak sing dadi hake wong tuwa bisa nglakoni apa wae miturut kekarepane dhewe. Saliyane iku, pangertening wong tuwa ngenani bebaya apa sing bakal dialami dening anake yen nganti dinikahake kanthi cara peksan uga isih kurang. Alasan sing paling onjo yaiku bab ekonomi. Ing dhaerah-dhaerah, alasan ekonomi iki dadi alasan sing akeh ditemokake kenapa wong tuwa njodhokake anake.

Tumindak nikah peksan tumrap anak, mligine tumrap anak sing umure isih enom bakal nyebabake akeh prekara. Prekara-prekara kasebut disebabake umur lan durung siyap nglakoni urip bebojoan. Saka prekara-prekara kang kerep dialami iku ana sing nyebabake pepisahan.

Dampak sing bakal dialami dening pasangan sing nikah kanthi peksan ing umur sing enom. Bocah enom durung duwe pamikiran sing diwasa. Dheweke mung nindakake samubarang sing asipat seneng-senang, dolanan, sekolah, lan donyaning anak-anak. Bocah sing durung siyap nglakoni urip bebojoan bakal nyebabake samubarang sing mbebayani kanggo uripe.

b. Pamawase Masyarakat ngenani Pasiksan tumrap Rewang

Bab pasiksan tumrap rewang isih kerep keprungu ing Indonesia. Prekara kasebut ditindakake para tuwan utawa juragan amarga rewange kasebut dianggep ora bisa nuruti apa sing dikarepake dening juragane. Tumindak nyiksa bisa arupa maneka warna cara, yaiku pasiksan lair, pasiksan batin, lan tumindak nglecehake. Pasiksan kerep dirasakake Ika nalika juragane nepsu lan ora kepenak atine. Nalika iku Ika ngumbahi klambine juragane. Dheweke ora wani tumindak apa-apa Dheweke

uga kerep dicakar rai, gulu, lan gegere karo kukune majikane. Pasiksan-pasiksan kasebut ngasilake tatu sing akeh lan ora bisa ilang. Kahanan mengkono iku kalebu tumindak sing nglanggar hukum.

Tumindak nyiksa lan nglarani wong iku kalebu tumindak sing kejem banget, mligine nyiksa wanita. Samesthine wanita iku dijaga lan diwenahi rasa aman dening priya. Bab pasiksan sing kerep diweruhi saka acara TV iku ndadekake atine trenyuh. Wanita sing duwe niat kanggo golek kamulyan urip malah dilarani dening juragane. Yen nyipati kahanan kaya mengkono iku, kudune pemerintah mudhun langsung kanggo nangani prekara kasebut supaya ora nambah saben dinane.

Rewang sing kerep disiksa dening majikane. Dheweke ora bisa tumindak apa-apa kajaba pasrah. Dheweke wedi ora antuk pegaweyan liya. Kahanan mengkono bisa kelakon amarga tingkat pendhidhikane rewang isih kurang. Nanging, ana saperangan wong sing ora kuwat ngadhepi tumindak panyiksan sing ditindakake dening majikane. Dheweke milih mlayu saka omahe majikane.

4. Pamawasing Jagad sajroning Novel *Jemini*

Pamawase jagad sajroning novel *Jemini* ngandhut nilai-nilai luhur. Nilai luhur kasebut gegayutan karo dhiri pribadhi (individu) minangka babagan kang ngajarake nilai-nilai moral amrih manungsa bisa nduweni tanggung jawab marang awake dhewe lan marang apa kang wis ditindakake. Nilai-nilai luhur kang gegayutan karo dhiri pribadhi, ing antarane yaiku manut, pasrah, ikhlas, lan sabar.

a. Manut

Manut mujudake tumindak patuh, nurut, lan ora nglawan perintah (Sudarmanto, 2009:189). Sikap manut kang kagambar sajrone novel *Jemini* yaiku sikap manut marang wong tuwa. Jemini mujudake anak sing ngabekti marang wong tuwane. Dheweke gelem dijodhokake karo wong sing ora ditresnani. Sikape Jemini sing manut marang perintahe wong tuwa kasebut mujudake tumindak sing bener. Dheweke ora gelem kuwalat amarga wani marang wong tuwane. Kamangka sabener, dheweke ora seneng nglakoni bab nikah peksan kaya mengkono iku.

b. Pasrah

Pasrah yaiku sumarah utawa percaya lan sadhar marang takdir (Suseno, 2003:135). Sadurunge pasrah, manungsa kudu upaya luwih dhisik amrih apa kang dikarepake bisa kasil. Sikap pasrah sajroning novel *Jemini* dituduhake lumantar paraga Jemini sing pasrah marang tumindak kejem Radian. Jemini sing kerep digepuk, disadhuk, dipilara iku pasrah karo kabeh tumindake Radian. Dheweke ora wani mbales tumindake Radian. Saliyane pasrah ngadhepi pasiksan lair kasebut, dheweke uga pasrah nalika Radian nggrayangi awake. Dheweke namung dedonga supaya bisa oncat saka panggonan kasebut.

c. Eklas

Eklas yaiku temen-temen terusing ati, karep kang becik (Sudarmanto, 2009:55). Sipat eklas kasebut uga mujudake sipat menehi kanthi tulus, ora pamrih. Sipat eklas panggonane ana ing niyate ati. Pawongan sing eklas anggoni nglakoni uripe, dheweke bakal ayem pikire. Sipat eklas kasebut uga kagambar sajrone novel *Jemini*. Kedadeyan nalika Jemini mutusake gelem didadekake gundhik dening Radian mujudake sipate Jemini sing eklas anggoni nrima kanyatan urip. Dheweke eklas metu saka tangsine wong tuwane lan dadi gundhike Radian menyang Betawi.

d. Sabar

Sabar yaiku sikap sareh anggoni tumandhang lan ora cepak nepsune (Poerwadarminta, 1937:536). Saben manungsa kudu nduweni sipat sabar anggoni nglakoni urip. Sipat sabar kasebut uga kagambar sajrone novel *Jemini* lumantar paraga Jemini. Dheweke nuduhake sikap sabare nalika ngalami pacoban uripe. Nalika dheweke disiksa dening Radian, dheweke kanthi sabar ngempet nepsune. Kanepson iku ora bisa dimarekake karo kanepson, mula dheweke kudu sabar nglakoni pasiksan kasebut lan ora oleh ngresula. Amarga pacoban iku mujudake ujian saka Gusti tumrap manungsa, supaya bisa ngukur sepira kasabaraning manungsa kasebut.

E. PANUTUP

1. Dudutan

Novel *Jemini* nduweni tema sosial ngenani kasangsaraning urip. Wujud utawa tumindak kang nuduhake gegambarane kasangsaraning urip ing antarane yaiku nikah peksan, didadekake gundhik, lan pasiksan. Sajroning novel dicritakake menawa paraga Jemini minangka wanita sing kerep nandhang kasangsaran ing uripe. Dheweke kepeksa nuruti kekarepane wong tuwane. Jemini dijodhokake karo Urip, priya sing ora ditresnani. Nenekahi antarane Urip lan Jemini ora lumaku lancar, kekarone banjur pepisahan. Sawise pepisahan, Jemini didadekake gundhik dening Radian. Nasibe saya susah nalika dheweke kerep ngalami pasiksan saka Radian. Pasiksan kasebut awujud pasiksan lair, pasiksan batin, lan tumindak nglecehake.

Andharan ing ndhuwur salaras karo pamawase Suparto Brata ngenani kasangsaraning urip ing antarane yaiku bab nikah peksan, didadekake gundhik, lan pasiksan tumrap rewang. Bab nikah peksan, Suparto Brata ngandharake yen nikah peksan iku mujudake salah sawijining adat. Anak kudu manut karo jodho pilihane wong tuwane. Pamawase Suparto Brata ngenani gundhik yaiku pawongan sing dadi selire (*istri gelap*) wong Landa. Dene bab pasiksan tumrap rewang mujudake samubarang sing lumrah. Juragan duwe kakuwasan mutlak marang rewange.

Pamawasing masyarakat ngenani kasangsaraning urip kaperang dadi loro yaiku bab nikah peksan lan pasiksan tumrap rewang. Nikah peksan isih ditindakake ing masyarakat. Kamangka ana pawongan

tartamtu ora sarujuk karo bab pernikahan cara peksan kasebut. Bab pasiksan tumrap rewang isih kerep ditemoni ing masyarakat. Pawarta bab pasiksan tumrap rewang pancen bisa gawe ati trenyuh. Pemerintah kudu mbrastha prekara pasiksan kasebut.

Pamawasing jagad sajrone novel *Jemini* yaiku ngandhut nilai-nilai luhur kang bisa kanggo patuladhan kanggo manungsa liyane. Nilai-nilai luhur kang kinandhut sajrone novel iki ing antarane yaiku manut, pasrah, ikhlas, lan sabar.

2. Pamrayoga

Novel *Jemini* iki salah sawijine crita fiksi kang ngandhut pitutur kang becik. Mula panliten iki, diajab bisa nyengkuyung pangrembakane sastra Jawa modern, mligine tumrap ilmu sastra ngenani kasangsaraning urip. Tumrap pamaos, panliten iki diajab uga bisa didadekake sarana kanggo mahami lan ningkatake daya *apresiasi* tumrap karya sastra. Panliten iki uga diajab bisa kanggo bahan piwulangan *apresiasi* sastra.

Panliten iki mung sawijine panliten, kaya nyoba aweh oncekan marang sawijine crita fiksi, amrih pamaos bisa luwih gampang mangerteni, ngresep, uga nafsirake sawijine karya sastra. Panliten iki akeh banget kurange, ing tembe mburine muga-muga ana panliten liyane ngenani karya sastra Jawa modern, kang luwih sampurna lan luwih becik saka panliten iki.

KAPUSTAKAN

- Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik (edisi revisi IV)*. Jakarta: Asdi Mahasatya.
- Brata, Suparto. 2012. *Jemini*. Yogyakarta: Narasi.
- Endaswara, Suwardi. 2006. *Metode Penelitian Sastra (Epistemologi, Model, Teori, dan Aplikasi)*. Yogyakarta: Pustaka Widyatama.
- Fananie, Zainuddin. 2002. *Telaah Sastra*. Surakarta: Muhammadiyah University Press.
- Faruk. 1999. *Pengantar Sosiologi Sastra: dari Strukturalisme Genetik sampai Post-Modernisme*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar Offset.
- _____. 2012. *Metode Penelitian Sastra: Sebuah Penjelajahan Awal*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Hardjanto. 2013. *Selir dan Ayam Kampus: Well Educated Gundik*.
<http://sosbud.kompasiana.com/2013/02/17/selir-dan-ayam-kampus-well-educated-gundik-534555.html>. Diakses tanggal 02/07/2013 pukul 09.52.
- Husna, Nurul. 2007. *Kekerasan terhadap Pembantu Rumah Tangga*.
<http://hukum.kompasiana.com/2012/10/20/hentikan-kekerasan-terhadap-pembantu-rumah-tangga-502996.html>. Diakses tanggal 23/04/2013 pukul 19.39.
- Hutomo, Suripan Sadi. 1975. *Telaah Kesusastraan Jawa Modern*. Surabaya: Pusat Pembinaan & Pengembangan Bahasa.
- _____. 1997. *Sosiologi Sastra Jawa*. Surabaya: Balai Pustaka.
- Mardalis. 2006. *Metode Penelitian (Suatu Penelitian Proposal)*. Jakarta: Bumi Aksara.
- Merdeka.com, 2012. *Hindari Siksaan, TKI di Malaysia Tewas Saat Melarikan Diri*. <http://id.berita.yahoo.com/hindari-siksaan-tki-di-malaysia-tewas-saat-melarikan-030019860.html>. Diakses tanggal 15/05/2013 pukul 12.24.
- Najid, Moh. 2009. *Mengenal Apresiasi Prosa Fiksi*. Surabaya: University Press.
- Nasution. 2006. *Metode Research (Penelitian Ilmiah)*. Jakarta: PT Bumi Aksara.
- Natawidjaja, P. Suparman. 1982. *Apresiasi Sastra & Budaya*. Jakarta: PT Intermasa.
- Ni'mah, Ulin. 2011. *Kawin Paksa Anak Perempuan Usia Dini*.
<http://sosbud.kompasiana.com/2011/04/06/kawin-paksa-anak-perempuan-usia-dini-353390.html>. Diakses tanggal 19/05/2013 pukul 20.22.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2003. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Poerwadarminta. 1937. *Baoesastra Djawi*. Tokyo: Javaans- Jacaans Woordenboek.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2011. *Teori, Metode, & Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Sanubarianto, Salimulloh Tegar. 2013. *“Realitas Kehidupan Beragama dalam Novel Bilangan FU Karya Ayu Utami: Kajian Strukturalisme Genetik”*. Skripsi. Surabaya: FBS Unesa. (Tidak Diterbitkan).
- Semi, Atar. 1988. *Anatomi Sastra*. Bandung: Angkasa.
- Siswanto. 2005. *Metode Penelitian Sastra: Analisis Psikologis*. Surakarta: Muhammadiyah University Press.
- Soprianti, Pera. 2009. *Pernikahan Paksa; Persepektif Fiqh dan Kekerasan Terhadap Anak*.
<http://www.fahmina.or.id/penerbitan/warkah-al-basyar/554-pernikahan-paksa-persepektif-fiqh-dan-kekerasan-terhadap-anak.html>. Diakses tanggal 03/06/2013 pukul 10.31.
- Sudarmanto. 2009. *Kamus Lengkap Bahasa Jawa*. Semarang: Widya Karya.
- Sukada, Made. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa: Pengantar Penelitian Wahana Kebudayaan secara linguistic*. Yogyakarta: Duta Wacana Press.

- Sunarto. 2001. *Metode Penelitian Ilmu-Ilmu Sosial dan Pendidikan*. Surabaya: University Press.
- Suroto. 1993. *Apresiasi Sastra Indonesia (Teori & Bimbingan)*. Jakarta: PT Gelora Aksara Pratama.
- Suwondo, Tirta. 2006. *Pengarang Sastra Jawa Modern*. Yogyakarta: Adi Wacana.
- Syahfida, Novy Noorhayati. 2012. *Suparto Brata: Riwayat dan Karya*. <http://parapenulis-indonesia.blogspot.com/2012/03/suparto-brata-riwayat-dan-karya.html>. diakses tanggal 13/01/2013 pukul 19.56.
- Teeuw, A. 1984. *Sastra dan Ilmu Sastra: Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: Dunia Pustaka Jaya.
- Tim Penyusun Kamus Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa. 1996. *Kamus Besar Bahasa Indonesia Edisi Kedua*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Triyanto, Aris. 2012. “*Novel Carang-Carang garing Anggitane Tiwiek S.A. Kawawas saka Teori Strukturalisme Genetik*”. Skripsi. Surabaya: FBS Unesa. (Tidak Diterbitkan).
- Widodo, Wahyu. 2011. “*Novel Singkar Reriptane Siti Aminah: Tintingan Strukturalisme Genetik*”. Skripsi. Surabaya: FBS Unesa. (Tidak Diterbitkan).

